

Paspò pou pwogram New Worlds Reading nan



VPK
(pwogram matènèl volontè)

Paspò sa a, se pou:

A large orange rectangular box with a dotted border is positioned in the center of the travel-themed background.

Bonjou/Bonswa ti eksploratè/eksploratris,

Men moman an rive pou w anbake nan avanti ekstwòdinè lekti ofri! Ou pral kapab fè bèl vwayaj amizan, san w ou pa menm bezwen soti!

Vwayaj ou a ap kòmanse nan pyès ou pi renmen an lakay ou. Ou pral dekouvri divès bagay enteresan nan lari ki bò lakay ou a, kote ki amizan nan katye w la, ak kote ki bèl anpil anpil nan Eta Florid la ki se lakay ou!

Chak mwa, vin pran bèl plezi nan li ak ekri sou diferan kote! Chak fwa ou vizite yon nouvo kote, w ap jwenn yon otokolan pou w ajoute sou paspò pou avanti w la.



Bon vwayaj,

Zanmi w yo nan pwogram New Worlds Reading nan!

1, 2, 3, 4, lekti se yon aktivite ki amizan, ann eksplore!

Lè moman an rive pou fè lekti:

Mwen chwazi liv mwen renmen, liv ki amizan.

Mwen pran swen tout liv mwen yo.

Mwen mande yon moun li pou mwen, pandan nou chita kòtakòt.

Apresa, mwen pale de liv mwen yo, epi mwen santi kè mwen kontan!



1. Mwen chwazi liv mwen renmen.



2. Mwen pran swen liv mwen yo.



3. Mwen mande yon moun li pou mwen.



4. Mwen pale de liv mwen yo.

Konsèy pou moun k ap fè lekti ak timoun nan: Lè w bay pitit ou a oswa timoun ou responsab la possiblité chwazi sa pou l li, sa fè li vin pi enterese nan lekti. Li enpòtan pou jenn lektè yo non sèlman rekonèt mo, men tou pou yo renmen ilustrasyon yo. Montre yo kijan pou yo kenbe yon liv e vire paj yo. Tabli yon woutin lekti ki regilye, pou eksplorie istwa yo epi pale de yo ansanm.

Tout enfòmasyon konsènan mwen

Chak mwa, liv ou yo pèmèt ou aprann nouvo bagay.

Vin dekouvi anpil bagay enteresan! Annik ouvri liv yo pou ou wè!

Endike non w, dat nesans ou ak ki laj ou.

Apresa, desine pòtre w, paske ou se yon vedèt!

Non mwen okonplè, se:

Ki kote ou fèt?

Ekri dat nesans ou.

Ki laj ou?



Men mwen!

Desine pòtre w ansanm ak jwèt ou pi renmen an.



Konsèy pou moun k ap fè lekti ak timoun nan: Gide pitit ou a oswa timoun ou responsab la pou l ka ekri non li, dat nesans li ak laj li. Ekri li pal, apresa, kite li trase sou mo ou yo. Ankouraje l pou li imajine epi desine pòtre li. Mande l pou l di w ki detay li pral ajoute pou li montre ki moun li ye.

Map eksploré mond mwen an

Trase fòm selon diferan lè nan ane a. Swiv direksyon flèch yo.
Non konbyen fòm ou konnen? Ki fòm ou konnen?

Oktòb:
Lakay mwen



Bon retou!

Jen:
Mond mwen an




Novanm:
Devan lakay mwen



Me:
Peyi mwen



Desanm:
Lari mwen an



Janvye:
Katyé mwen an



Avril:
Eta mwen an



Mas:
Vil mwen an



Fevriye:
Lekòl mwen an



Oktòb

Lakay mwen



Se mwa oktòb, e lè konsa, mwen renmen rete lakay mwen.

Gen kèk jourmou ki kache.


Konbyen ou ka wè?

Antoure yo tout, epi konte yo avèk anpil atansyon.

Chèche jwenn yo, yo kache toupatou!




Mwen ka wè jourmou.



Konsèy pou moun k ap fè lekti ak timoun nan: Mande ptit ou a oswa timoun ou responsab la pou l jwenn epi antoure tout jourmou ki kache sou paj la. Pou sa, mande l pou l itilize liy ki gen nimewo yo ak endikatè pou jourmou yo, pou gide l. Apresa, konte yo ansanm avèk li. Pou fini, mande l ekri kantite total jourmou li jwenn nan.

Novanm



Novanm rive,


Epi fèy yo ap tonbe,

Soti nan pyebwa ki nan jaden an,

Gade yo ki prale!




Trase yon liy pou fè pè mo ki rime yo koresponn youn ak lòt.




Reponse: bòl - gòl, ban - van, vit - pit

Konsèy pou moun k ap fè lekti ak timoun nan: Mo ki gen estrikti ki senp e ki previzib ede ptit ou a oswa timoun ou responsab la konprann rapò ki genyen ant lèt, son ak mo. Mande l pou l di mo ki rime yo ansanm avèk ou. Pwolonje aktivite sa a. Pou sa, ou pral fè rim ak mo kout ki senp ansanm ak timoun nan. Menm mo ou fè ki pa gen sans yo bon!

Desanm



Lari mwen an



Nan lari mwen an,
Mwen ak zanmi mwen yo, nou jwe.
Nou zanmi pou toutan,
Nou aprann ansanm chak jou.



Di non chak imaj, apresa mete yo ansanm epi fè yon nouvo mo!

Egzanp
pratik:

$$\text{won} + \text{pwen} = \text{wonpwen}$$

$$\text{oto} + \text{bis} =$$


$$\text{vire} + \text{won} =$$

$$\text{ale} + \text{vini} =$$

Repons: wonpwen, otobis, virewon, alevini

Konsèy pou moun k ap fè lekti ak timoun nan: Lè ptit ou a oswa timoun ou responsab la konbine de (2) mo ki pi piti, li aprann fè nouvo mo, epi sa ede l konprann kijan mo yo fòme. Bay yon eksplikasyon tou kout sou chak nouvo mo pou ede l devlope vokabilè li. Gade ozalantou pou wè si gen kèk objè nan kay la ou ka site pou pratique ak timoun nan.

Janvye



Nan katye mwen an,
Gen anpil kote pou w eksplore,
Lekòl, magazen, plas piblik,
Ak anpil lôt kote ankò!



Koute byen pandan lektè a ap li mo yo. Apresa, l ap retire yon pati nan chak mo. Koute pati sa a byen. Ki nouvo mo ki rete?

Egzanp pratik: choufle - flè = chou

timoun - moun =

salklas - klas =

granmoun - moun =

Repons: chou, ti, sal, gran

Konsèy pou moun k ap fè lekti ak timoun nan: Ptit ou a oswa timoun ou responsab la ka prepare pou lekti epi pou aprann nouvo mo. Pou li fè sa, l ap retire mo ki pi piti yo nan mo ki pi long yo. Mande l pou l di chak mo pandan l ap fè efò pou l dekouvri repons lan!

Fevriye

Lekòl mwen an

F 1 → 2 →
F 3 → F - - - f 1 → 2 → f - - -

Mwen renmen lekòl,
Li vrèman enteresan.
Mwen li epi mwen ekri,
Epi m aprann sa ki jis!



Gade chak imaj. Di senk (5) bagay ou ka jwenn ann dan l.

**lekòl**

Repons: timoun, pwofesè, salklas, biwo, moun k ap ede

**salklas**

Repons: biwo, chez, kapèt, twalèt, tabi, timoun

**sakado**

ti goutte, kreyon, koulou,

Repons: twous, kreyon, gom, bilikout, liv,

**liv**

ak kote, dmizmzan, kouvèt, iswad
Repons: pâl, folto, imaj k montré moun

Konsè pou moun k ap fè lekti ak timoun nan: Developpe vocabulé, se yon bagay ki enpòtan paske sa ede pitit ou a oswa timoun ou responsab la komunik pañse li e konprann sijè ki trete nan liv yo. Ankouraje timoun nan itilize imajinasyon l, epi di sa li ta kapab jwenn nan chak imaj.

Mas

M 1 → 2 → 3 → 4 →
M - - - m 1 → 2 → 3 →

Vil mwen an amizan,
Gen anpil bagay pou gade.
Bibliyotèk la gen liv,
Epitou, gen yon gwo pye bwadchèn ki la depi lontan!



Pale de liv mwa sa a ak yon zanmi oswa yon moun nan fanmi w.

De kisa liv la pale?



Ki bagay amizan ou aprann nan liv la?



Desine pati ou pi renmen nan liv la, oswa jwe wòl ki ladan yo.



Konsè pou moun k ap fè lekti ak timoun nan: Lè w pale de liv yo ak pitit ou a oswa timoun ou responsab la, sa ogmante ladrès li nan langaj, epi sa ede l konprann sa ou te li pou li a. Fè yon fason pou aktivite lekti a vin espesyal. Pou sa, mande timoun nan ki kote li pral chwazi pou l byen alèz e pou l pase yon moman espesyal pandan n ap fè lekti ansanm.

Avril

Eta mwen an

A A A - - - a a a - - -

Mwen renmen Florid, se la mwen rete,
Men, poukisa li fè cho konsa prèske chak jou?
Plaj yo ak solèy la tèlman amizan,
Men, O! mwen swete pou gen yon jou ki fè fre!



Lèt Aa, Ff ak Ll yo al kache pou solèy Florid la,
nan imaj la. Konbyen ou ka wè?



lèt Aa

Mwen ka wè:

lèt Ff

Mwen ka wè:

lèt Ll

Mwen ka wè:

Réponses: lèt Aa: 3, lèt Ff: 2, lèt Ll: 1

Konsèy pou moun k ap fè lekti ak timoun nan: Se lè timoun yo rekonèt lèt yo ke pwosesis lekti a kòmanse pou yo. Lè w montre lèt ki make sou bagay ki sèvi toulejou yo – tankou bwat sereyal ak magazin – ou ka konsantre sou yon lèt alafwa, pandan w ap ede l aprann non lèt yo. Mande l pou l repete non lèt la.

Me

me me me - - -

Tout moun égal,
Kanpe kòtakòt.
Ozetazini,
Kè nou ranpli ak fyète!



Desine istwa ki nan liv ou a. Montre kisa ki pase nan kòmansman, nan mitan ak nan fen istwa a.

premyèman

apresa


finalman

Konsèy pou moun k ap fè lekti ak timoun nan: Lè timoun yo rakonte istwa a ankò, sa ede yo sonje detay yo, konprann sekans evènman yo, epi eksprime lide yo. Lè nou fin li ansanm, mande pitit ou a oswa timoun ou responsab la pou l rakonte istwa a ak pwòp mo pa l.

Jen

Mond mwen an

jen



jen

**Latè se lakay nou,
Kidonk, ann kenbe li pwòp.
Montre lanmou ak swen
Pou tout bagay ki vèt.**



Konte objè ki reprezante latè a, epi ekri konbyen ki genyen.

Lak



Pyebwa



Flè



Bèt










Repons: Lak 3, Pyebwa 4, Flè 6, Bèt 5

Konsèy pou moun k ap fè lekti ak timoun nan: Ede pitit ou a oswa timoun ou responsab la ofiramezi l ap pratike ladrès li nan konte. Pou sa, mande l pou l touche epi konte chak objè, epi pou l di yon chif pou chak bagay li touche. Make valè total la yon fason pou l apenn parèt, pou timoun nan ka ekri sou li, apresa fè konpliman poutèt li reyisi grasa efò li yo!

Vwayaj nan alfabè lang anglè a

Pratike kòmsi ou se yon ekriven/ekrivèn ekspè. Trase epi ekri lèt ki nan alfabè lang anglè a.



Ou pare pou matènèl?

Felisitasyon, ou prèske nan matènèl.

Se pral yon nouvo avanti!

Pare w pou aprann, epi fè tout efò posib,

Men, pran tan pou amize w, epitou pou jwe!

Di yon gramoun kisa w ap kontan fè ane
pwochèn nan lekòl la!

Desine yon imaj pwòp tèt ou pandan premye
jou w nan matènèl.





new
worlds }
reading }



778217